



**Walter C. Young Middle School  
Kontra ak paran  
2022-2023**

Walter C. Young Middle School, paran ak elèv kap patisipe nan aktivite, sèvis ak pwogram ke Tit I finanse, Pati A nan lwa ki di pou chak gress elèv reyisi (ESSA), ak elèv yo nan lekòl Walter C. Young, dakò ke kontra sa di kijan pou paran yo, tout anplwaye lekòl la, ak elèv yo pral pataje responsablitè pou pèmèt elèv yo byen fè travay yo gen pou yo fè pandan ane lekòl la, sa vle di ke lekòl la ak paran yo pral travay men nan men pou ede timoun yo rive nan nivo ke eta Florid la mande ya.

Kontra sa ant lekòl la ak paran yo ap valab pou ane 2022-2023.

**Men sa ki sou kont lekòl**

**Walter C. Young Middle School ap fè sa yo:**

- 1. Mete kanpe yon bon jan pwogram akademik ak fòmasyon nan yon anviwonman moun kapab aprann, ki pèmèt ke timoun yo reyisi, epi reponn ak egzijans eta Florid la jan sa ekri pi ba la:**
  - Asire ke espas lekòl la gen bon jan sekirite nan zafè prensip ak règ ke CDC ansanm ak moun yo ki ap dirije zòn sa mete kanpe.
  - Bay pwofesè yo bon jan fòmasyon tout tan, pou yon kapab byen fè travay yo. Pou sa fèt, lekòl la dwe travay ak pwofesè yo pou montre yo lòt teknik ki fenk vini sou fason moun fè anseye.
  - Pèmèt ke elèv yo kapab vinn pi bon nan lekti, ekriti, matematik ak syans.
  - Kolabore ak paran yo, kominate ya nan yon fason ki baze sou respè youn pou lòt ak bon jan dyalòg.
  - Montre timoun yo, epi pataje valè sa yo tankou: onêtete, jan pou kontwole tèt ou, respè, jantiyès, sitwayènte, tolerans, kolaborasyon, ak responsabilite.
- 2. Òganize rankont ant paran ak pwofesè kote yap gen pou diskite sou kontra sa sou fason li gen rapò ak reyisit endividyle timoun nan. Men rankont ki pral fèt espesyalman:**
  - Rankont chak ane avèk paran yo nan Tit I / Jounen pòt louvri nan mwa dawout ou byen septanm 2022.
  - Rankont – ka fèt chak lè sa nesesè ou byen lè yon paran oswa yon pwofesè mande sa.
- 3. Bay paran yo rapò sou jan timoun yo ap evolye. Lekòl la pral bay rapò sa yo:**
  - Rapò pwovizwa, kanè, ak nòt egzamen ofisyèl yo. Paran yo ap ka jwenn tout rapò sa yo sou Virtual Counselor.
  - Lekòl la ap toujou bay anons lè rapò yo ak kanè yo disponib, pouf fè sa lap voye yon lyen sou entènèt bay paran yo, lap anonsé sa tou sou CANVAS, sou sit entènèt lekòl la, ou byen sou rezo sosyo tankou Facebook ak Twitter.
- 4. Bay paran yo ase tan pou diskite ak anplwaye lekòl la. Pou sa fèt, anplwaye yo ap disponib pou rakontre paran yo nan lè sa y o:**
  - Sa pral depan de jan pandemi Covid-19 lan ye, pwofesè yo ap disponib pou pale ak paran yo an liy/ou byen fas a fas. Rakont sa yo fèt nan jou lendi, mèkredi ou byen vandredi ant 8 :05 pou rive 8 :55 nan maten.
  - Anplwaye ki nan administrasyon lekòl la ak lòt anplwaye kap bay sipò yo ap disponib lendi pou rive vandredi aprè 8 :05 nan maten. Yap disponib tou pandan tout jounen lekòl la lè sa posib.

**5. Bay paran yo opòtinite pou yo sèvi kòm volontè, patisipe nan klas pitit yo, epi pou yo swiv aktivite ki ap fèt nan sal klas yo tankou :**

- Pwomnad
- Ede ou byen asiste pwofesè (yap bezwen otorizasyon pou sa)

**Men sa ki sou kont paran yo**

Nou menm paran, nap sipòte fòmasyon timoun nou yo nan fason sa:

- Map asire ke pitit mwen an gen materyèl ak founiti ki nesesè yo, epi li pare pou lekòl chak maten.
- Map asire ke pitit mwen an byen repozel.
- Siveye reta ak/oswa prezans pitit mwen an nan Pinnacle.
- Enfòme pwofesè ak/oswa lekòl sou pwoblèm ki fè pitit mwen yan absan ou byen pwoblèm ki fèl pa ka fè devwa yo ke lekòl la bay.
- Map asirem ke pitit mwen yan fè devwal nan lekòl la ak devwa lakay la, epi tou li pran tan poul etidye poul ka pase tès ak egzamen yo, ansanm ak tout lòt evalyasyon.
- Siveye kantite tan kel pase nan gade televizyon oswa rete sou YouTube, nan fè jwèt, ak kantite tan li pase sou rezo sosyo yo.
- Patisipe, oswa sèvi kòm volontè, oswa jan sa posib nan desizyon ki gen rapò ak edikasyon pitit mwen yo.
- Ankouraje pitit mwen yan poul byen jere tan li nan lekòl la.
- Map siveye ki nòt pitit mwen yan fè, mwen prale sou sit entènèt Pinnacle la, ak/oswa sou Virtual Counselor.
- Li san pèdi tan e reponn kòmsadwa tout anons lekòl la bay oswa tout anons ke moun ki ap dirije zòn lekòl pitit mwen yan ye ya bay swa pitit mwen an dirèkteman, swa sou rezo sosyo lekòl la, Parent Link, oswa pa lapòs.
- Sèvi, nan mezi kem kapab, nan gwoup kap bay konsèy sou prensip yo, tankou kòm reprezentan paran Tit I Pati A nan Ekip Amelyorasyon Lekòl la, Komite Konsiltatif pou Règleman Tit I, Konsèy Konsiltatif pou Règleman nan tout LEA, Komite Praktisyonè Eta Florid la, Ekip Sipò Lekòl la, oswa lòt gwoup konseye oswa prensip lekòl la.

**Men sa ki sou kont elèv yo**

Mwen, \_\_\_\_\_, antanke elèv, pran responsablite pou

EKRI NON ELÈV LA AK KLÈ

Amelyore reyisit akademik mwen epi reponn ak egzijans eta Florid la bay. Espesyalman, mwen pral:

- Fè devwa mwen nan lekòl la ak devwa lakay mwen chak jou epi mande èd lè sa nesesè
- Etidye pou tès, egzamen, ak lòt evalyasyon
- Pase pou pi piti 30 minit chak jou ap li lèm pa nan lekòl la
- Bay paran mwen ou byen moun ki responsab mwen yo tout anons, enfòmasyon mwen resevwa nan men lekòl mwen an ke yo dwe siyen.
- Respekte PBIS ak Kòd Konduit ki gen ladan kòd abiman ak mete kat idantite lekòl la.

Walter C. Young Middle School  
Lekòl la

Paran ou byen responsab timoun nan

Siyati Elèv la

Klas elèv la pa fè: \_\_\_\_\_

Dat: \_\_\_\_\_

Non Elèv la (ENPRIME):  
\_\_\_\_\_